GID POU ÒGANIZE KONBIT SOUP JOUMOU NAN KOMINOTE YO

Yon inisyativ solidarite, patisipasyon ak konstriksyon byennèt kolektif



1. VIZYON AK OBJEKTIF

Konbit Soup Joumou se plis pase prepare epi pataje yon bòl soup. Se yon inisyativ ki mete valè ak prensip Konbit yo an pratik pou ranfòse solidarite, viv ansanm, patisipasyon sitwayen ak responsablite kolektif.

Objektif la se pèmèt kominote yo mobilize resous yo, kolabore epi konstwi inisyativ ki kontribye nan byennèt tout moun.

Chak gwoup ki òganize Konbit Soup Joumou angaje l pou respekte valè ak prensip Konbit yo epi itilize **Gid Konbit la kòm referans pou planifikasyon, aplikasyon ak evalyasyon aktivite a.**

2. VALÈ AK PRENSIP KI GIDE INISYATIV LA

Konbit Soup Joumou chita sou senk valè fondamantal:

- **Patisipasyon:** Tout moun gen dwa patisipe nan refleksyon ak desizyon.
- **Solidarite:** Mete resous ak kapasite nou ansanm pou soutni youn lòt.
- **Responsablite:** Respekte angajman nou epi rann kont sou aksyon nou.
- **Resipwosite:** Ankouraje sipò youn bay lòt nan respè ak rekonesans.
- **Kolaborasyon:** Travay ansanm pou reyalize yon objektif komen.

Gwoup yo dwe mete valè sa yo an pratik pandan y ap respekte 12 prensip Konbit yo: transparans, konfyans, etik, respè, pataj, ekite, pèseverans, fleksibilite, adaptasyon, inovasyon, entèdepandans ak dirabilite.

3. DISPOZISYON POU ÒGANIZE AKTIVITE A

Chak gwoup dwe:

1. Defini objektif aktivite a ak rezilta li espere jwenn.
2. Mete sou pye yon komite òganizasyon ki gen pou pi piti 5 manm, ak responsablite byen defini.
3. Etabli yon kominikasyon ki klè ant komite a, patisipan yo ak kominote a.
4. Prepare yon bidjè epi mete yon sistèm transparans ak kontwòl finansye.
5. Mobilize moun, konpetans ak resous lokal yo san presyon sou pèsonn.
6. Prepare lojistik, materyèl, transpò, manje, ijyèn ak sekirite.
7. Garanti yon patisipasyon enklizif, san diskriminasyon oswa eksklizyon.
8. Patisipe nan reyinyon ak aktivite kowòdinasyon Rezo Nasyonal Konbit Soup Joumou an.
9. Dokimante aktivite a, temwayaj yo, rezilta yo ak leson yo aprann.
10. Prepare epi pataje yon rapò final nan yon delè ki pa depase 2 mwa apre aktivite a.

4. TRANSPARANS AK JESYON RESOUS YO

Transparans se yon kondisyon fondamantal pou pwoteje konfyans kominote a ak kredibilite mouvman an.

Chak gwoup dwe:

- Idantifye epi dokimante tout kontribisyon finansye ak materyèl.
- Pa aksepte donasyon anonim.
- Kenbe prèv pou depans yo epi fè pou pi piti 2 moun patisipe nan verifikasyon ak otorizasyon finansye yo.
- Separe resous aktivite a ak resous pèsonèl manm komite yo.
- Pataje bilan finansye a, rezilta yo ak itilizasyon nenpòt resous ki rete.

5. ANGAJMAN ANVÈ KOMINOTE A

Konbit Soup Joumou dwe rete yon espas ouvè pou tout moun, kèlkeswa laj, sèks, relijyon, opinyon politik, orijin, sitiyasyon ekonomik oswa andikap.

Chak gwoup dwe ankouraje respè, dyalòg, bon jan jesyon konfli, ijyèn, sekirite ak pwoteksyon anviwònman an. Li enpòtan tou pou chak kominote reflechi sou fason pou fè lespri Konbit la kontinye viv apre aktivite a, atravè nouvo kolaborasyon, relasyon ki pi solid ak inisyativ kolektif.

6. DIREKTIV SOU KOMINIKASYON AK VIZIBILITE KONBIT SOUP JOUMOU

Tout òganizasyon ak komite k ap òganize Konbit Soup Joumou dwe asire kominikasyon yo respekte lespri, valè ak prensip mouvman an, sitou solidarite, pataj, inite ak angajman kolektif.

- Òganizatè yo dwe toujou tag paj ofisyèl Konbit Soup Joumou Nasyonal la *(@konbitsoupjoumou)*, ak paj Gwoup Konbit la tou *(@gwoupkonbit),* nan tout piblikasyon sou rezo sosyal ki gen rapò ak aktivite a, òganizatè yo dwe tag paj ofisyèl Konbit Soup Joumou Nasyonal la, pou fasilite pataj enfòmasyon yo, ranfòse vizibilite kanpay la epi asire yon kominikasyon ki konekte ak mouvman nasyonal la.
- Itilizasyon idantite vizyèl la: Tout afich, videyo, foto ak lòt materyèl kominikasyon dwe prezante aktivite a kòm yon inisyativ Konbit Soup Joumou, nan respè direktiv kominikasyon nasyonal yo.
- Kontni piblikasyon yo: Mesaj yo dwe mete aksan sou solidarite, eritaj kiltirèl ayisyen an, patisipasyon kominotè ak objektif aktivite a, san yo pa sèvi ak kominikasyon an pou fè pwomosyon enterè pèsonèl oswa politik.

7. ENPLIKASYON AKTÈ POLITIK AK NETRALITE AKTIVITE A

Konbit Soup Joumou se yon inisyativ kominotè ak kiltirèl ki chita sou solidarite, pataj ak inite pèp ayisyen an. Se poutèt sa, patisipasyon moun ki nan politik dwe fèt nan respè lespri ak objektif aktivite a.

- ***Entèdiksyon pwopagann politik*:** Li entèdi pou nenpòt patisipan, responsab oswa envite sèvi ak aktivite a pou fè kanpay politik, fè pwomosyon pou yon pati politik, yon kandida oswa yon mouvman elektoral.
- ***Pa gen rekiperasyon politik**:* Yo pa dwe itilize aktivite a pou mete yon moun oswa yon gwoup politik an valè, ni pou fè diskou, distribye materyèl oswa mete senbòl ki gen objektif fè pwopagann politik.
- ***Patisipasyon san patipri:*** Moun ki nan politik ka patisipe kòm manm kominote a, depi yo respekte karaktè kiltirèl, sosyal ak enklizif aktivite a, san yo pa itilize pozisyon yo pou enfliyanse oswa domine evènman an.
- ***Responsablite òganizatè yo*:** Komite òganizatè yo dwe pran mezi ki nesesè pou anpeche nenpòt itilizasyon aktivite a pou fè lòbi politik, epi entèvni avèk respè si yon sitiyasyon konsa prezante.

Konbit Soup Joumou dwe rete yon espas kote tout moun ka reyini alantou kilti, solidarite ak pataj, san divizyon politik. Se kominote a ak valè Konbit yo ki dwe rete nan sant aktivite a.

6. RAPÒ AK APRANTISAJ

Nan yon delè maksimòm 2 mwa apre aktivite a, chak gwoup dwe soumèt yon rapò bay kominote pa li ak Rezo Nasyonal Konbit Soup Joumou an.

Rapò a dwe prezante:

- Objektif ak deskripsyon aktivite a.
- Manm komite a ak kantite patisipan ak benevòl yo.
- Resous ak kontribisyon ki te mobilize.
- Depans ak bilan finansye.
- Rezilta, temwayaj ak difikilte ki te rankontre.
- Leson yo aprann ak rekòmandasyon pou pwochen aktivite yo.
- Foto ak lòt dokiman sipò, avèk respè pou konsantman patisipan yo.

7. MESAJ FINAL

Nou pa vle Konbit Soup Joumou rete yon aktivite kote moun reyini yon fwa pa ane pou pataje yon plat tradisyonèl. Nou vle li tounen yon eksperyans ki ranfòse konfyans, solidarite, responsablite ak kapasite kominote yo pou aji ansanm.

Nou pa sèlman vle fè yon soup, nou vle fè yon Konbit.

Paske Konbit Soup Joumou se pa sèlman sa nou prepare ansanm, se sa nou kapab bati ansanm pou yon Ayiti ki pi solid, pi ini ak pi jis.

Konbit Soup Joumou Nasyonal
Valè ak prensip Konbit yo kòm fondasyon, Gid Konbit la kòm referans metodolojik.

Pou asistans, kontakte Gwoup Konbit:

- **Email:** gwoupkonbit@gmail.com
- **Tel:** +509 3698 0314 / +509 3269 9292
- **Sit entènèt:** www.gwoupkonbit.org

Swiv Gwoup Konbit sou tout platfòm rezo sosyal li yo: Klike la

An n kontinye fè Konbit.-